

KIJAN POU PWOTEJE TÈT OU POU PA PRAN ZIKA NAN FÈ SÈKS



Enfòmasyon pou Moun ki Gen Patnè yo Ki te Vwayaje nan yon Zòn ki Gen Zika

Èske m ka pran Zika nan fè sèks?

- Wi, ou ka pran Zika si ou fè sèks ak yon moun ki gen Zika deja, menm si moun sa pa montre okenn sentòm nan moman ou te fè sèks avèk li a, oswa menm si moun sa a pa gen sentòm yo ankò.
- Se sèlman moun ki gen moun yo konn fè sèks avèk yo ki abite oswa vwayaje souvan nan yon zòn ki gen Zika ki kouri risk pou yo vin gen Zika nan fè sèks.
- Sa gen ladan sèks nan vajen, nan dèyè, avèk nan bouch (tibèf), ak pataje jwèt yo fè sèks ak moun ki gen Zika.

Èske m dwe gen enkyetid konsènan pran Zika nan fè sèks?

- Zika reprezante pi gwo enkyetid pou fanm ansent ak fanm k ap eseye tonbe ansent pandan viris Zika deja enfekte yo. Paske Zika ka lakòz malfòmasyon nan tibebe ki fèt lè Zika te enfekte manman yo pandan gwosès.
- Pou tout lòt moun, Zika raman poze pwoblèm maladi ki grav. Anpil moun ki gen Zika pa gen sentòm. Lè sentòm yo resi parèt yo souvan pa twò grav. Sentòm ki pi komen yo se lafyè, gratèl, doulè nan misk, ak konjonktivit (je wouj).

Kisa mwen ka fè pou diminye chans mwen pou pa pran Zika nan fè sèks si patnè mwen te vwayaje ale nan yon zòn ki gen Zika?

Kapòt ka diminye chans pou w pran Zika nan fè sèks. Pou li ka efikas kapòt ta dwe itilize kòm sadwa depi nan kòmansman jis nan fen, chak fwa ou fè sèks nan vajen, nan dèyè, oswa nan bouch (tibèf).

Si ou ansent:

Itilize yon kapòt chak fwa ou fè sèks oswa pa fè sèks pandan ou ansent. Li enpòtan pou w itilize kapòt menm si patnè ou pa gen sentòm Zika yo

Si ou pa ansent men ou vle evite pran Zika nan fè sèks:

Ou ka itilize yon kapòt chak fwa ou fè sèks oswa pa fè sèks apre mari/mennaj ou sot vwayaje. Dire tan ou sipoze pran pekosyon sa yo depann de mari/madanm/mennaj ou:

- **Si patnè ou ki se yon fi te vwayaje:** Omwens 8 semèn apre li vwayaje (si li pa gen okenn nan sentòm yo) oswa apre lè sentòm li yo kòmanse (oswa lè yo te diagnostike li gen Zika).
- **Si patnè ou ki se yon gason te vwayaje:** Omwens 6 mwa apre li vwayaje (si li pa gen okenn nan sentòm yo) oswa apre lè sentòm li yo kòmanse (oswa lè yo te diagnostike li gen Zika).



Zika plis pwopaje sitou lè moustik mòde moun. Tout vwayajè ta dwe pran mezi pou pa kite moustik mòde yo pandan 3 semèn apre yo retounen soti nan yon zòn ki gen Zika. Yo rekòmande prekosyon sa a paske pandan ou ka gen viris Zika nan san w, yon marengwen ka mòde ou, ou vin enfekte l ak viris Zika a, epi l al pwopaje viris la bay lòt moun.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention